




Anseye kreyòl

YON LÒT JAN

- ♦ Li chita sou pwogram Ministè Edikasyon Nasyonal la
- ♦ Li modèn
- ♦ Li pratik
- ♦ Li santre sou elèv la
- ♦ Li founi pwofesè yo **bonjan zouti didaktik**
- ♦ Li ofri elèv yo yon **ouvèti sou monn nan**

Mete I nan lis ou!



Pou kòmann ak enfòmasyon :

Communication Plus S.A.

24, Delmas 60, Haïti

Tel. : (509) 28 16 04 04

Imel : complusa@yahoo.com

Editions Jebca-Haïti

1, rue Medard, Côte-Plage 16
Carrefour, Port-au-Prince, Haïti


Tel. : (509) 31 41 28 71

Imel : editionsjebca@gmail.com

www.ankreyol.net



facebook



YouTube



twitter




linkedin

KOLEKSYON AN KREYÒL

Liv kreyòl pou lekòl



Otè
Jockey Berde Fedexy
 Lengwis, pwofesè
 Manm Konsèy konsilitatif
 Akademi Kreyòl Ayisyen an



JEBCA Editions

koleksyon An Kreyòl — Anseye kreyòl yon lòt jan!

Otè a



Jockey Berde Fedexy se yon lengwisi. Li se manm konsèy konsilitatif Akademi Kreyòl Ayisyen an. Madam Fedexy se pwofesè lang. Li te travay pandan plizyè ane kòm monitris ansèyman nan **Fakilte lengwistik aprike** nan Pòtoprens. Li te anseye lang kreyòl ak lang fransè nan lekòl segondè. Nan lane 2015, madam Fedexy te pibliye Liv "**Gramè deskriptif kreyòl ayisyen an**". Nan menm ane a, li te kreye sit entènèt ankreyol.net la, yon sit edikatif k ap fè pwomosyon pou lang kreyòl ayisyen an.

Korespondans ak pwogram Ministè Edikasyon Nasyonal la

Koleksyon AN Kreyòl la suiv pye pou pye kouri-koulòm Ministè edikasyon nasyonnal la.



Apwòch pedagogik

Devlopman konpetans lengwistik ak konpetans sosyokiltirèl

Elèv yo ap devlope 4 konpetans lengwistik yo, ki se :

- ◊ *Konpreyansyon oral*
- ◊ *Pwodiksyon oral*
- ◊ *Konpreyansyon ekri*
- ◊ *Pwodiksyon ekri*

Elèv yo ap devloppe konpetans sa yo nan yon seri **sitiyasyon aprantisaj** ki gen sans pou yo. Konsa, y ap devlope **konpetans sosyokiltirèl** tout pandan y ap devlope konpetans lengwistik yo.

Didaktizasyon dokiman otantik

Koleksyon an sèvi ak dokiman otantik ki pwodui an kreyòl (tèks, vidéyo, imaj, chante, publisite, afich, elatriye) pou fè elèv yo fè dekouvèt sou diferan aspè lang ak kilti kreyòl.

Apwòch kominikatif aksyonèl

Elèv la ap gen pou l' reyalize plizyè pwojè kote l ap itilize tout nosyon li te aprann yo pou l fè pwodiksyon pa l.

Aktivite amizan

Pou pèmèt elèv yo aprann nan yon anbyans agreyab, gen yon ribrik ki rele « *Amize w* ». Jan non ribrik la di sa a, elèv yo ap fè aktivite amizan k ap pèmèt yo pi byen aprann epi sonje sa yo aprann yo.



Itilizasyon zouti teknolojik

- ◊ Sit entènèt ankreyol.net la, avèk yon seksyon rezèvè ki gen zouti didaktik ak korije pou pwofesè yo;
- ◊ Yon kont YouTube ki gen vidéyo sou lang kreyòl la;
- ◊ Paj sou rezo sosyal pou pwofesè ak elèv ki gen laj pou sa enfòme yo, poze kesyon epi entèraji.

« Se yon apwòch pedagojik dènye-kri ki bay elèv [...] yo sipò entèlektyèl yo bezwen pou chache konnen, poze kesyon, poze pwoblèm ak rezoud pwoblèm anndan ak deyò sal klas. *An Kreyòl* [...] se yon koleksyon ki manyen anpil aspè nan kijan pou ansèyman fèt pi byen, kijan pou elèv vin pi endepandan nan aprantisay yo ak kijan pou itilize tout resous ki disponib pou aprantisay la fèt byen. »
(Lunine Pierre-Jérôme, Ed.D.)